

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang**

Ragam basa jeung pembakuan basa mangrupa salahiji konsép tina sosiolinguistik. Ragam basa nya éta hiji istilah nu dipaké pikeun nunjuk salahiji tina sababaraha variasi nu aya dina nu makéna éta basa. Sedengkeun variasi éta timbul sabab kabutuhan panyatur ku ayana alat komunikasi nu sesuai jeung situasi dina konték sosialna. Variasi basa nunjukeun yén ngagunakeun basa (tutur) éta sipatna rupa-rupa (*heterogen*). Ku ayana ragam basa baku diwanti-wanti komunikasi bisa dilakukeun leuwih eféktif jeung éfisién, ku sabab kitu diperlukeun pembakuan basa. Ku ayana kitu, ieu makalah kalawan jejer “Ragam Basa jeung Pembakuan Basa” disusun kalawan harepan bias ngungkulan éta masalah sarta bias ngajembaran pangaweruh ngeunaan ragam basa jeung pembakuan basa.

#### **1.2 Watesan Masalah**

Dina makalah ieu baris ngadéskripsikeun ngeunaan ragam basa jeung pembakuan basa, tapi sangkan bahasanana teu lega teuing, ku kituna diwatesanan ku dépinisi ragam basa, jenis basa, dépinisi pembakuan basa, manfaat basa baku, variasi ragam basa jeung diglosia jeung ragam baku.

#### **1.3 Tujuan**

Tujuan disusun ieu makalah kalawan jejer “Ragam Basa jeung Pembakuan Basa”, nya éta pikeun ngadéskripsikeun ragam basa, pembakuan basa

1. Ngadéskripsikeun ragam basa jeung jenis basa,
2. Ngadéskripsikeun pembakuan basa, manfaat basa baku jeung variasai ragam basa, sarta
3. Nohonan salahiji panén mata kuliah sosiolinguistik.

## **1.4 Métode Penyusunan**

Métode nu digunakeun dina nyusun ieu makalah nya éta métode studi pustaka, kucara néangan sumber-sumber tinulis ngaliwatan buku jeung média éléktronik (internet) nu aya hubunganna jeung ragam basa jeung pembakuan basa.

## **1.5 Sistematika Penulisan**

Dina nyusun ieu makalah, panulis nyoba ngajelaskeun hasil studi pustaka nu dimimitian ku bab bubuka. Bab ieu ngawengku kasang tukang masalah, watesan masalah, tujuan, metode jeung sistematika penulisan.

Bab kadua nya éta eusi ngawengku sababaraha wangenan jeung teori hasil studi pustaka nu rélevan jeung judul ogé substansi pembahasan.

Bab katilu mangrupakeun bab kacindekan ngeunaan pembahasan makalah ieu. Dina bagéan ieu panulis nyindekkeun pedaran saacana.

## BAB II

### PEDARAN

#### 2.1 Ragam Basa

Ragam nya éta tingkah, macam, lagu musik, warna, laras (KBBI, 1990:719). Basa nya éta omongan sapopoétiap-tiap bangsa (Kamus Besar Sunda, R.A. Danibrata, 2006:68). Basa nya éta alat nu dipaké ku jalma pikeun ngeudalkeun eusi haténa , diwangun ku réntétan sora nu puguh éntép sereuhna (Kamus Umum Basa Sunda, LBSS,1992:43). Jadi nu disebut ragam basa téh nya éta hiji istilah nu dipaké pikeun nunjuk salasahiji tina sababaraha variasi nu aya dina nu makéna éta basa.

Basa baku nya éta salah salahiji variasi basa (tina sabagian variasi) nu di angkat jeung disatujuan salaku ragam basa nu bakal dijadikeun tolak ukur salaku basa nu alus jeung bener tina komunikasi anu sipatna resmi boh lisan boh tulisan. Aya ogé nu nyebutkeun yén ragam basa baku nya éta ragam basa nu sarua jeung basa resmi kanagaraan nu digunakeun dina situasi resmi kanagaraan kaasup dina pendidikan, buku pangajaran, undang-undang jsb. Sedengkeun numutkeun para ahli ragam basa baku nya éta:

Halim (1980) nyebutkeun yén ragam basa baku nya éta ragam basa nu dilembagakeun jeung diaku ku sabagian warga masarakat nu makéna salaku ragam resmi jeung salaku rarangka rujukan norma basa jeung nu makéna. Sedengkeun ragam nu henteu baku nya éta ragam nu henteu dilembagakeun jeung ditandaan ku ciri-ciri nu teu saluyu tina norma basa baku.

Dittmar (1976:8) nyebutkeun ragam basa baku nya éta ragam ujaran tina hiji masarakat basa nu disahkeun salaku norma kaharusan pikeun pergaulan sosial pikeun kapentingan tina unggal pihak nu dominan di éta masarakat.

Hartmann jeung Strok (1972:218) nyebutkeun yén ragam basa baku nya éta ragam basa nu sacara sosial leuwih loba nu makéna, leuwih dumasar kana omongan jalma-jalma anu berpendidikan dijero jeung disabudeureun pusat kabudayaan atawa politik hiji masarakat tutur.

Pei jeung Geynor (1954:203) nyebutkeun yén ragam basa baku nya éta dialék hiji basa nu ngabogaan kaistimewaan sastra jeung budaya ngaleuwihan dialék-dialék séjéna,

jeung disatuanan ku nu maké éta dialék-dialék séjén salaku wangu basa nu pang sampurnana.

Ragam basa salaku hiji *language*, basa miboga sistem jeung subsystem anu dicangkem ku para panyatuna. Tapi masarakat tur nu ngagunakeun basa lain masarakat anu homogeny, antukna wujud basa anu konkret, anu disebut *parole*, jadi teu saragem. Ragemna basa ieu ogé lain ngan saukur alatan teu homogénnna masarakat tur, tapi disababkeun ku kagiatan interaksi masarakat tur nu ragem. Salasahiji conto basa Inggris, ampir tiap nagara geus maraké basa Inggris, kikituna ragam basa dina basa Inggris pohara variasina.

Aya dua sawangan tina hal variasi atawa ragam basa nya éta, kahiji, variasi atawa ragam basa dipandang salaku akibat tina karageman sosial panyatuna jeung karageman fungsi basana sorangan. Kadua, variasi atawa ragam basa geus aya pikeun nyumponan fungsi salaku alat pikeun interaksi dina kagiatan masarakat anu bédabédé.

Hartman jeung Stork (1972) ngabagi variasi dumasar kana kriteria (a) kasang tukang geografi jeung sosial panyatur (b) media nu dipakéna (c) inti obrolan.

Halliday (1970-1990) ngabagi variasi basa dumasar kana (a) nu makéna nu sok disebut dialék (b) make basa nu sok disebut register.

Mc David (1969) ngabagi variasi basa dumasar kana (a) dimensi regional (b) dimensi sosial, jeung (c) dimensi temporal, Sedengkeun numutkeun.

Abdul Chaer (2004:62) variasi basa dibagi dumasar kana (a) panyatur, jeung (b) nu ngagunakeunana.

## 1. Variasi tina Segi Panyatur

- Variasi basa anu mimiti ditilik dumasar panyatuna nya éta variasi basa nu disebut *idiolek*, nya éta variasi basa nu sipatna individual.
- Variasi ka dua dumasar panyatuna nya éta *dialek*, nya éta variasi tina sakelompao panyatur anu jumlahna relatif, nu aya dina hiji wilayah nu tangtu. Kulantaran *dialek* ieu leuwih dipikawanoh ku sebutan *dialek regional*, *dialek areal*, atawa *dialek geografi*.
- Variasi ka tilu dumasar kana panyatuena nya éta *kronolek* atawa *dialek temporal*, nya éta variasi basa anu dipaké dina hiji kelompok sosial, budaya, élmu pangaweruh jeung téknologi.

- Variasi ka opat dumasar kana panyaturnya nya éta naon-naon nu disebut *sosiolek* atawa *dialek social*, nya éta variasi basa anu aya patalina jeung status, golongan, sarta kelas social para panyaturna.
- Patalina jeung variasi basa ditilik tina tingkat, golongan, status, jeung kelas sosial para panyaturna. Éta variasi basa sok disebut *akrolek*, *basilek*, *vulgar*, *slang*, *kolokial*, *jargon*, *argot*, jeung *ken*. Aya ogé anu nambahán éta variasi basa téh ku *prokem*.
- Nu dimaksud *akrolek* nya éta variasi sosial anu dianggap leuwih luhur tibatan variasi social séjénna.
- Nu dimaksud *basilek* nya éta variasi social anu dianggap leuwih héngkér ti variasi sosial séjxnna, atawa dipandang rendah.
- Nu disebut *vulgar* nya éta variasi sosial nu ciri-cirina dipaké ku jalma-jalma nu kurang paham kana paélmuan, atawa ti kalangan maranéhna nu teu ngasaan bangku pendidikan.
- Nu dimaksud *slang* nya éta variasi sosial nu sipatna husus sarta rahasia. Dina harti, variasi ieu dipaké teu kusagawayah kalangan, hartina kalangan nu kawatesanan, sarta teu meunang kanyahoan ku kalangan séjénna.
- Nu dimaksud *kolokial* nya éta variasi sosial nu dipaké dina paguneman sapopoé. Kecap kolokial asalna tina *colloquium* (paguneman, konversasi). Jadi kolokial nya éta basa paguneman, lain basa tulis.
- Nu dimaksud *jargon* nya éta variasi sosial nu digunakeun sacara kawatesanan ku kelompok-kelompok sosial nu tangtu.
- Nu dimaksud *argot* nya éta variasi sosialnu digunakeun sacara kawatesanan dina profesi-profesi nu tangtu jeung sipatna rahasia.
- Nudimaksud *ken* (Inggris = *cant*) nya éta variasi sosial nu miboga nada “memelas”, nu pinuh ku kabohongan.

## 2. Variasi tina Segi Pamakéanan

- Variasi basa anu patalina jeung pamakéanana, jeung fungsina disebut *fungsiolek* (Nababan 1984), *ragam*, atawa *register*. Dumasar patali funfsina variasi basa tangtu béda maknana nalika digunakeun ku sababaraha profesi nu ngagunakeunana, diantarana

- Ragam basa jurnalistik miboga ciri anu béda jeung nu séjenna, nya éta sipatna sederhana, komunikatif, tur ringkes.
- Ragam basa militer dipikawanok ku cirina anu ringkes, sarta tegas, saluyu jeung pancén sarta kahirupan militer anu pinuh ku sikep diiplin jeung intruksi.
- Ragambasa ilmiah ogé dipikawanoh alatan cirina anu lugas, écés, sarta teu ambigu jeung bébas tina paribasa anu maknana metafora tur idiom.
- Variasi basa dina wangu kieu téh biasa disebut *register*. Dina omongan ngeunaan *register* tadi biasana ok dipakuat-pakaitkeun jeung masalah dialék. Dialek patalina jeung basa nu digunakeun ku saha, di mana, iraha, ari register patalina jeung masalah basa anu dipaké pikeun kagiatan naon.
- Sanajan hiji jalma ngan hirup ngagunakeun hiji dialék, tapi manéhna hirup moal aya dina hiji register, sabab dina kahirupan masarakat, widang kagiatan anu kudu dilaksanakeun pasti leuwih ti hiji.

### 3. Variasi tina Segi Formal

Dumasar tingkat kapentinganana, Martin Joos (1967) dina bukuna *Five Clock* ngabagi variasi basa kana lima gaya, nya éta gaya atawa ragam beku, ragam resmi, ragam usaha, ragam santai, jeung ragam akrab.

- Ragam beku nya éta variasi basa nu paling formal, anu dipaké dina situasi anu hikmat, sarta upacara-upacara resmi, contona baé upacara kanagaraan, khotbah di masjid, tatacara nyokot sumpah, kitab Undang Undang jeung sajabana.
- Ragam resmi atawa formal nya éta variasi basa anu mindeng dipaké dina pidato kanagaraan, rapat dinas, ceramah kaagamaan, buku-buku pangajaran, jeung sajabana.
- Ragam usaha atawa ragam konsultatif nya éta variasi basa anu mindeng dipaké dina paguneman biasa di sakola, sarta rapat-rapat atawa paguneman anu orientasina kana hasil produksi.
- Ragam santai atawa ragam kasual nya éta variasi basa anu dipaké dina situasi teu resmi pikeun nyarita jeung kulawarga atawa babaturan nalika urang keur istirahat, olahraga, ulin, jeung sajabana.

- Ragam akrab atawa ragam intim nya éta variasi basa anu bisa dipaké ku para panyatur anu hubungan antara maranéhna geus akrab, contona antar anggota kulawarga atawa ka babaturan anu geus deukeut pisan.

#### **4. Variasi tina Segi Sarana**

Variasi basa bisa ogé ditingali tina segi sarana atawa jalur nu dipakéna. Hal ieu patalina dina ayana ragam basa lisan atawa tulisan atawa ragam basa nu ngagunakeun sarana atawa salasahiji alat, misalna telepon atawa telegraf.

Ragam basa nu ngagunakeun telepon sabenerna kaasup kana ragam basa lisan sarta ragam basa nu ngagunakeun telegraf sabenerna kaasup kana ragam basa tulis, tapi unggal alat nu dipaké miboga ciri-ciri jeung batasan sewing-séwangan, nu antukna urang teu bisa maké media éta sakahayang urang.

##### **2.1.1 Jenis Basa**

Basa digagi jadi sababaraha jenis basa, diantarana nya éta:

###### **1. Jenis Basa Dumasar Sosiologis**

Numutkeun factor sacara sosiologis maksudna nya éta pengelompokan jenis basa teu kawatesanan ku struktur internal basa, tepo ogé dumasar kana sajarahna, pakuat-pakait jeung sistem linguistic séjén, sarta warisan ti hiji generasi ka generasi séjén. Stewart (dina Fishman (ed.) 1968) ngagunakeun opat dasar pikeun milah” basa sacara sosiologis, nya éta (1) standardisasi, (2) otonomi, (3) hisrorisitas, (4) vitalitas.

- 1) Standardisasi nya éta ayana kodifikasi jeung *penerimaan* ka hiji basa ku masarakat nu maké éta basa sarta saperangkat kaidah atawa norma nu nangtukeun pamakéan basa.
- 2) Dasar kadua nya éta otonomi, atawa nu disebut kaotonomian. Nya éta mangrupa sistem linguistik disebut miboga kaotonomian lamun éta sistem linguistik miboga sistem sorangan nu teu pakuat-pakait jeung basa séjén, contona basa Sunda jeung basa Inggris, duanana miboga kaotonomian sewing-séwangan.
- 3) Dasar katilu nya éta sacara historis atawa sajarahna. Hijii sistem linguistik dianggap miboga factor historis nalika dipercaya salaku basa hasil ngembangkeun sacara normal dina mangsa ka tukang (Fishman 1968:535). Factor historis ieu aya patalina jeung tradisi ti salasahiji étnik nu aya.

- 4) Dasar ka opat dina pangelompokan basa sacara sosiologis nya éta faktor vitalitas atawa make henteuna basa. Numutkeun Fishman (1968:536) nu dimaksud vitalitas nya éta dipakéna sistem linguistik ku masarakat panutur asli nu teu kaisolasi. Jadi, anu jadi masalah dina faktor vasilitas nya éta naha sistem linguistik éta miboga penutur asli nu masih kénéh maké éta basa atawa henteu.
- 5) Dumasar kana aya henteuna unsur-unsur standardisasi, otonomi, historisitas, jeung vitalitas, dibédakeun ku Stewart aya tujuh jenis atawa tipe basa, diantarana
  - Jenis basa standar
  - Jenis basa klasik
  - Jenis basa artifisial
  - Jenis basa vernakuler
  - Jenis basa dialek
  - Jenis basa kreol
  - Jenis basa pijin

## 2. Jenis Basa dumasar Sikep Politik.

Dumasar kana sikep politik atawa sosial politik urang bisa ngabédakeun basa jadi basa nasional, basa resmi, basa nagara jeung basa persatuan.

Basa nasional nya éta basa nalika sistem linguistikna diangkat ku hiji bangsa (dina harti kanagaraan) salaku salasahiji indéntitas nasional bangsana.

Nu dimaksud basa nagara nya éta hiji sistem linguistik nu sacara resmi ditulis dina undang-undang dasar hiji nagara sarta ditetepkeun salaku alat komunikasi resmi kanagaraan.

Nudimaksud basa resmi nya éta hiji sistem linguistik nu ditetepkeun pikeun dipaké dina hiji pasamoan, contona seminar, konferensi, rapat, jeung sajabana.

Nudimaksud basa persatuan nya éta sistem linguistik anu dipaké ku hiji bangsa dina *kerangka* perjuangan, dimana basa nu bajoang téh bangsa nu multilingual.

## 3. Jenis basa numutkeun tahap meunangkeunana

Dumsar kana tahap meunangkeunana basa, basa bisa dibédakeun ku ayana basa indung, basa kahiji, basa kadua, jeung saterusna, sarta basa asing. Basa indung mindeng disebut basa kahiji, nya éta basa anu diajarkeun ti indungna ka anakna, upama indungna

sapopoé nyarita make basa Sunda, tapi ngajarkeun ka anakna basa Indonésia, berarti basa indung si budak nya éta basa Indonesia, basa kadua patalina jeung éta budak diajar basa séjén sanggeus basa indung, ogé saterusna.

Basa asing nya éta basa anu saméméhna teu dipikawanoh ku urang Indonesia, upamana basa Inggris, Arab, Malaysia, jeung sajabana, basa asing bisa nempatan basa ka dua atawa saterusna kumaha si budak diajar éta basa asing, pakait jeung iraha waktu diajarna.

### ❖ Lingua Franca

Lingua franca nya éta dimana manusia make basa sementara dina nyaritana, contona basa resmi urang Eropa mangsa harita nya éta basa Franca, nalika urang Eropa datang ka Indonesia, maranéhna loba nu make basa Indonesia dina nyaritana, hal éta anu disebut Lingua Franca, nya éta alih basa sementara asal saling paham antara panyatur jeung nu narima basana.

## 2.2 Pembakuan Basa

Kecap pembakuan dimaksudkeun pikeun ngaganti kacap standarisasi anu asalna dina basa asing “standardization”. Kecap standar baku artina ukuran, tolok, syarat. Jadi basa baku nya éta basa nu dianggap mangrupa ukuran, anu pantes dijadikeun tolak ukur, anu paling nyumponan syarat salaku ragam anu dianggap alus jeung bener.

Ku ragam basa diperkirakeun komunikasi antar panyatur bakal bisa dilaksanakeun leuwih épéktif jeung épisién sabab alat komunikasina ngandung sipat-sipat jeung sarat-sarat salaku basa nu alus jeung bener.

### 2.2.1 Manpaat Basa Baku

Basa baku ngabogaan manfaat nya éta:

#### 1. Manpaat komunikatif

Ditilik dina fungsina salaku alat komunikasi, basa atawa ragam baku mimiti aya ngabogaan mangfaat pikeun ngadayagunakeun fungsina. Sabab ku ayana aturan-aturan pikeun ngagunakeun basa, basa éta bisa dipiara. Basa kitu bakal nunjukeun makna nu pas dina bentuk nu pas ogé, makna nu dénotatif dina bentuk nu konsistén.

#### 2. Numuhuhkeun sikep positip

Ayana basa baku bisa ogé numuwuhkeun sikep satia-basa, nya éta sikep nu ngarojong pikeun mertahankeun kahadiran (éksistensi) jeung watek (karakter) éta basa di tengah-tengah basa séjén.

### 3. Salaku rarangka acuan

Nu dimaksud rarangka acuan nya éta dasar pedoman, landasan, anutan. Ayana basa baku bisa dijadikeun pedoman pikeun ngabédakeun jeung basa nu teu baku. Salaku rarangka basa atawa ragam kudu bisa méré katangtuan anu alus boh ciri-ciri kabahasaan boh ciri-ciri fungsina.

Dina hal basa, ragam baku ngacu kana ragam basa “bermutu” ku nu maké dihargaan leuwih luhur dibandingkeun jeung ragam-ragam séjenna nu aya dina basa éta. Misalna waé mun aya jalma nanya, “manakah yang “baik”?” urang tunjukeun nu baku, sabab nu jadi tolak ukur. Ragam-ragam dina hiji basa mun disusun saperti piramida, ragam baku éta aya di puncak éta piramida.

Nalika basa Indonesia (BI) masih ngaranna basa Melayu (BM), nu dianggap salaku ragam baku dina BM nya éta dialék Riau (kapastian letakna masih jadi pasualan para ahli). Nu ngabogaan panyaturna asli orang dinya, ogé ngabogaan tradisi *kepustakaan*. Di Jawa loba jalma mengakui basa Jawa nu baku nya éta basa Jawa dialék Solo jeung Yogyakarta, nu ogé ngabogaan panyatur asli. Jadi nu dibakukeun nya éta *dialék régional*, sabab ngacu kana hiji wilayah nu tangtu. Paparan diluhur méré gambaran nu jelas, ragam baku éta sacara linguistik atawa sacara kabahasaan nya éta dialék ogé, baik dialék régional atawa ogé dialék sosial. Ragam éta jadi baku sabab *prestise sosial* (*social prestige*) nu tangtu. Sacara linguistik, sakabéh basa atawa dialék nya éta sarua: sarua terdiri tina sora-sora nu *bersistem*, nu dihasilkeun ku organ-organ turut (*organ of speech*), sabab faktor sosial nu aya di luah basa éta, dialék ogé jadi ragam baku.

Faktor panyatur ragam baku dina BI nya éta digunakeunna ragam atawa variasi basa dikalangan terdidik atawa ilmuwan. Golongan ilmuwan biasana ngagunakeun ragam baku nu apik.

#### 2.2.2 Variasi jeung Ragam Baku

Dina ragam baku ogé aya variasina misalna dinangabédakeun antara baku *lisan* (RBL) jeung baku *tulis* (RBT). RBT leuwih babari diidentifikasi sabab leuwih stabil

tibatan RBL. RBL leuwih kurang stabil sabab lafal éta saolah-olah “berayun”, nepi ka hésé pikeun nangtukeun “titik” nu pasti. Misalna dina conto ieu: *logika*, *logis*, *sosiologi* nya éta baku dina RBT. Sedengkeun dina lafal RBL nu bakuna nya éta [*lokhika*], [*lokhis*], [*sosiolokhi*], sedengkeun lafal [*logika*], [*logis*], [*sosiologi*] dianggap kurang baku. Bisa jadi RBT ngabogaan variasi bentuk, tapi RBL ngan ngabogaan hiji bentuk.

### 2.2.3 Ragam Baku jeung Ragam Umum


Masarakat umum nu awam kana seluk beluk basa jelas teu apal loba ngenaan basa atawa ragam baku, teu apal kana lobana kaidah ragam baku. Sakabéh ieu nyababkeun nu geus umum jeung biasa digunakeun ku masarakat luas bisa ogé ditangtukeun baku jarang digunakeun ku éta masarakat. Akibatna dina basa éta hirup dua bentuk. Misalna bentuk-bentuk nu dibakukeun nya éta *sistem* jeung *analisis*, tapi nu umum dipaké nya éta *sistem* jeung *analisa*. Didieu urang teu bisa nangtukeun, ragam nu ngagunakeun bentuk-bentuk ahir nya éta dialék. Tapi mun dihiji daerah, saperti di Bali, jalma ngagunakeun kecap *menjolok* pikeun makna nu dipiboga ku kecap *mencolok*, jelsa éta lain kecap baku jeung bisa dianggap jadi bagian tina BI dialék hiji daerah éta.

Sakabéh teu nungtut kamungkinan nu baku éta salawasna teu umum, jeung nu umum salawasna teu baku. Sabagian bentuk-bentuk nu baku atawa dibakukeun éta ogé ditarima jeung dipaké ku masarakat umum.

### 2.2.4 Ragam Baku jeung Nonbaku

Ragam baku sacara gurat badagna mung aya hiji mun dina hiji basa mah. Sedengkeun kecap lain éta téh kaasup kana ragam-ragam dialék, nya éta ragam non baku. Tina sudut ka basaan, nu ngabédakeun ragam baku jeung nonbaku téh nya éta tata sora, tata wangun, kosa kecap, jeung tata kalimah. Dina hal tata sora geus écés, ragam baku ngabogaan aturan éjaan. Dina BI éjaan baku nya éta EYD, sedengkeun cara nulis nu ngagunakeun EYD atawa ngalanggar EYD nya éta éjaan nonbaku, ku kituna ragam tulisanna nya éta nonbaku ogé.

Batasan-batasan tertentu nu misahkeun mana nu baku jeung mana nu nonbaku. Diluareun éta urang bisa meunangkeun loba unsur-unsur nu dipikaboga ku kadua ragam éta. Mun digambankeun wanguna saperti kieu:



- |       |   |
|-------|---|
| A,B,C | : wilayah nonbaku.                                      |
| D     | : ciri-ciri ragam baku.                                 |
| E     | : wilayah nu baris dipaké ku ragam baku jeung non baku. |

## **2.2.5 Ciri-Ciri Ragam Baku**

Ciri-ciri ragam baku aya lima, nya éta:

1. Ragam baku berdasarkan dialék, misalna jumlah panyatur basa Jawa di Solo jeung Yogyakarta nu basana dibakukan pikeun leuwih leutik dibandingkeun jeung sakabéh jumlah nu ngagunakeun basa Jawa. Bahkan pikeun BI urang bisa ngucapkeun, panyatur asli BI baku dina danget ieu hampir geus eweuh, sahenteuna hésé dipanggihan.
2. Ragam baku mangrupakeun ragam nu biasana diajarkeun ka jalma nu lain panyatur asli éta basa.
3. Ragam baku mampu méré jaminan ka panyaturna yén omongan nu dipakéna kahareupna bakal di paham ku masarakat luas, leuwih luas tibatan éta panyatur ngagunakeun *dialék régional*.
4. Sapanjang ragam baku disangkut pautkeun jeung basa nasional atawa basa resmi, ragam éta ngabogaan ciri, biasana ragam éta dipaké ku kalangan pelajar, kalangan cendikiawan jeung ilmuwan, paling henteu dina karya tulis ilmiah.
5. Ragam baku ngabogan wangun-wangun kabasaan nu tangtu, nu ngabédakeun jeung ragam-ragam séjénna.

## **2.2.6 Diglosia jeung Ragam Baku**

Dina hiji basa ditemukeun aya dua ragam baku nu sarua diaku jeung dihormat. Ngan fungsi jeung dipakéna béda, situasi éta disebut diglosia.

Istilah diglosia mimiti diwanohkeun ku Marcais (fasold, 1984) jeung jadi kawéntar ku sabab dipaké ku Ferguson (1959) nalika anjeunna nyarita ngenaan basa Arab, sabab ragam basa Arab dina Al-Qur'an nu béda bentuk jeung fungsina jeung ragam sapopoé nu digunakeun dina paguneman. Diglosia numutkeun Ferguson nya éta sajenis pembakuan basa nu khusus dina dua ragam basa nu béda nempatkeunana dina sakabéh masarakat basa, jeung dimana unggal ragam basa étadibéré fungsi sosial nu tangtu.

Ciri situasi diglosia nu paling penting nya éta pengkhususan fungsi unggal ragam basa. Ragam basa tinggi husus digunakeun dina khutbah, surat-surat resmi, biantara-biantara politik, kuliah, siaran berita, tajuk rencana dina surat kabar, jeung dina nulis puisi nu ngabogaan mutu tinggi. Ragam basa rendah digunakeun dina paguneman unggal anggota keluarga, antar babaturan, carita nyambung dina radio, sastra rakyat,

filem kartun. Aya kamungkinan mémang, hiji fungsi kabasaan nu sarua digunakeun ragam nu béda jeung masarakat nu béda.

Dina situasi non diglosia, dimana aya ragam baku jeung nonbaku, ragam baku jeung dialék régional, aya batas antara ragam baku jeung ragam nonbaku. Dina situasi diglosia ragam basa “rendah” tetep dianggap baku. Namung ragam basa luhur (tinggi) dina situasi diglosia ogé kudu diajarkeun di sakola, jadi sarua jeung ragam baku.

Wangenan diglosia ayeuna geus dianggap klasik, sabab muncul deui gagasan ngenaan diglosia numutkeun Fishman (1967). Diglosia numutkeun Ferguson, diglosia éta ngacu kana kondisi dimana dua ragam dina hiji basa hirup babarengan dina guyup basa, dina unggal ragam éta ngabogaan peran atawa fungsi nu tangtu. Sedengkeun numutkeun Fishman, diglosia nya éta objék sosiolinguistik nu ngacu kana pendistribusian leuwih ti hiji ragam basa atawa basa dina hiji masarakat.

Fungsi basa daerah béda jeung fungsi basa Indonesia, jeung unggal ranah nu béda ogé. Basa daerah ngabangun suasana kekeluargaan, kaakraban, kesenian, jeung dipaké dina ranah kerumahtanggaan (*family*), ketetanggan (*neighborhood*), kekariban (*friendship*), sedengkeun basa Indonesia ngabangun suasana formal, keremsian, kenasionalan, jeung dipaké misalna dina ranah persekolahan (salaku basa panganteur), ranah gawé (salaku basa resmi dina rapat; alat komunikasi antara pagawé, jeung antara pegawai dina élmu kantor), ranah kaagmaan (dina khutbah).

## **BAB III**

### **PENUTUP**

#### **3.1 Kacindekan**

Jadi Ragam basa téh nya éta hiji istilah nu dipaké pikeun nunjuk salahiji tina sababaraha variasi nu aya dina nu makéna éta basa. Basa baku nya éta salah salahiji variasi basa (tina sabagian variasi) nu diangkat jeung disatujuan salaku ragam basa nu bakal dijadikeun tolak ukur salaku basa nu alus jeung bener tina komunikasi anu sipatna resmi boh lisan boh tulisan. Aya ogé nu nyebutkeun yén ragam basa baku nya éta ragam basa nu sarua jeung basa resmi kanagaraan nu digunakeun dina situasi resmi kanagaraan kaasup dina pendidikan, buku pangajaran, undang-undang jsb. Ragam basa dibagi jadi sawatara variasi nya éta variasai tina segi panyatur, pamakéanana, formal, jeung saranana. Ragam basa ogé ngabogaan rupa-rupa basa nya éta basa dumasar sosiologis, basa dumasar sikep politik, jeung basa numutkeun tahap meunangkeunana éta basa.

Kecap pembakuan dimaksudkeun pikeun ngaganti kacap standarisasi anu asalna dina basa asing “standardization”. Kecap standar baku artina ukuran, tolok, syarat. Jadi basa baku nya éta basa nu dianggap mangrupa ukuran, anu pantes dijadikeun tolak ukur, anu paling nyumponan syarat salaku ragam anu dianggap alus jeung bener. Dina pembakuan basa ogé aya manpaat basa baku, variasi jeung ragam baku, ragam baku jeung ragam umum, ragam baku jeung nonbaku, ciri-ciri ragam baku, jeung diglosia jeung ragam baku.

## **Daptar Pustaka**

- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. (2004). *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Kamus Besar Bahasa Indonesia. (1990). Jakarta: Balai Pustaka.
- Kamus Umum Basa Sunda, LBSS. (1992). Bandung: Tarate.
- R. A. Danadibrata. Kamus Basa Sunda (2006). Bandung: PT Kiblat Buku Utama.
- Sumarsono, Paina Partana. (2004). *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: SABDA.
- Suwito. (1983). *Pengantar Awal Sosiolinguistik Teori dan Problema*. Surakarta: Henary Offset Solo.

[www.Gogele.com](http://www.Gogele.com)